

MANIFÈS POU REFONDE LETA-NASYON AN (MARENA)

POU YON AYITI GRAN MOUN TÈT LI, PWOSPÈ, ENKLIZIF EPI ESTAB

Sentèz

1 Pou n kòmanse

Bèso pwemye revolisyon nwa ki pote laviktwa nan mond lan ak senbòl libète, Ayiti ap travèse jodi a youn nan kriz ki pi manganmen nan istwa l. Gen kèk pwoblèm malouk k ap brase bil peyi a : enstabilite politik, ensekirite, enpinite, koripsyon, yon ekonomi k ap fè bak, lapovrete k ap taye banda, goudou goudou de tan zan tan ak yon anviwònman an degraba. Lè nou reli istwa Dayiti, sòti 1804 pou rive jounen jodi a, nou konstate yon bilan tèt chaje : se yon bann peryòd kote se enstabilite total kapital k ap taye banda, gen de moman se rejim zagoloray ki mete dlo nan diven zèfèyis pou yon ti bout tan. Nan sistèm politik sa a ki pa danse kole ak demokrasi, kriz, koudeta ak asasina prezidan se mwayen politisyen malfektè itilize pou pran pouvwa, olye ke yo ale nan eleksyon ki toujou konsakre laviktwa kandida sektè ki gen plis zam ak lajan sal.

Depi plizyè dizèn lane, deblozay sosyal ak politik yo pa sispann lage peyi a nan tchouboum ak katchouboumbe. Peyi a tonbe nan yon salmanaza kote pati politik tradisyonèl yo ak òganizasyon nan sosyete sivil la pa jennen pou antre nankòkòday ak gang yo pou yo mete kanpe, ak sipò kominote entènasyonal la, yon Konsèy Prezidansyèl Tranzisyon (KPT) ki gen nèf (9) konseye-prezidan. Eskandal gagòt lajan, djòb k ap vann nan laye ak konseye non yo site nan kase bank sou administrasyon KPT sa a montre nou klè rèy lanmò, lasoufrans ak laterè (nekropolitik), pouvwa medyòk yo (medyokrasi), gouvènman k chita sou koripsyon (kleptokrasi) e ki pare pou vann peyi a voye jete byen lwen zafè imanis, entelijans, kouraj, bon kalite ak patriyotis ki, nan tan lontan, te karakterize nanm Ayisyen yo.

Se ayisyen ki gen lajan pwès ak pouvwa yo ansanm ak kominote entènasyonal la ki reskonsab dezaz sa a. Men fò nou pa mete tout moun nan menm panye : pandan tout istwa nasyon an, toujou gen kèk vwa eklere, onèt ak patriyotik k ap sonnen lanbi refondasyon an, men lè yo pa inyore yo, yo konbat yo san pran souf jiskaske yo rive fè yo rete trankil, ekzile yo oswa touye yo.

2 Kote kriz la soti

Premye bagay ki lakòz kriz estriktirèl k ap toufounen Ayiti jodi a, se domaj leta ayisyen an pran nan pasaj depi lè l t ap fèt. Pwosesis akouchman li an te rann li depaman ak sa elit politik kolonyal yo t ap chache. Okòmansman, se pa pou fè yon peyi moun sa yo t ap goumen, men se te pou yon « pwotektora » kote yo t ap rete anba zèl metwopòl la pou jwi menm privilèj ak kolon franse yo. Domaj nan pasaj sa a bay jenn Leta ayisyen an pi gwo defo li yo : li fè l tounen yon Leta kont nasyon an (antinasyonal), kont fanm yo (seksist), yon Leta fèb, zagoloray, ki chita sou represyon, koripsyon ak dap piyanp (predatè). Move domaj sa, se konsekans maryaj 2 gwo mouvman : sa k ap apse andedan koloni a chita sou divizyon ak batay sou baz ras oswa klas sosyal yo ; sa k ap pase deyò a chita sou yon sistèm dominasyon kèk peyi sou rès mond lan, volonte Lewòp pou l mache vòlè tè tou patou, ak gwo goumen ki te pete ant grann pisans epòk la, tankou Pòtigal, Lafrans, Lespay, Langletè, pou pataje teritwa yo te fè dap piyanp sou yo a, kòm si l te pou yo.

Ki donk, te gen yon epe Domoklès sou tèt pwogrè ak avni peyi Dayiti depi lè l fèt. Lelit li yo te konstwi nouvo Leta a sou krabinay ak sann Saint-Domingue. Kolon blan yo te chape pou l yo ak mago lajan, teknoloji, konsepsyon ak konpetans yo, akòz devastasyon lagè lendepeandans la te pote. Moveste ak zak sabotaj gwo peyi kolonyalis ak esklavajis yo nan epòk la, san konte mank preparasyon, anbisyon ekseksif ak chire pit nan mitan lelit ayisyen yo, te rann sitiyasyon an pi konplèks ak pi konplike. Sou plan politik, divizyon sou baz rejyon (rejyonalis), lanbisyon pouvwa zotobre nan tèt lame a (militaris) ak tantasyon pouvwa san limit (otokratis) te kontribye nan emèjans yon sistèm politik ki jenere kriz ak gè sivil. Tout bagay sa yo se te obstak ki te kwaze an kwa sou chimen yon Leta modèn ann Ayiti.

Yon bann ak yon pakèt kriz ekonomik ak finansye, goud la k ap pèdi valè akòz enflasyon, "ranson" endepandans lan, presyon ak agresyon gwo peyi kapitalis yo (Almay, Angletè, Espay, Lafrans) ki t ap reklame lajan pou ansyen pwopriyete esklav yo, koripsyon pasi pala, kontrebann, kominezon ant komèsan etranje ak gwo fonksyonè pou piye kès Leta, san n pa bliye lese frappe nan mitan gwo chèf lame yo, tout bagay sa yo te kontribye nan

kraze plat atè monopòl vyolans fizik ak monopòl fiskal Leta a jouk li chavire tèt anba nan dat 28 jiyè 1915. Sa k te lage peyi a dirèk dirèk anba lokipasyon blan meriken.

Malgre konsekans negatif li yo pou peyi a, Lokipasyon ameriken, sòti lane 1915 pou rive 1934, te bay enpresyon te gen yon Leta modèn ann Ayiti : sa ki te pèmèt li okipe, kontwole ak òganize espas teritoryal li ; jwenn resous li bezwen pou l byen fonksyone ; respekte obligasyon li andedan peyi a tankou lòt bò dlo ; epi reyalize kèk gwo travo piblik. Men pwogrè sa yo pa t ka dire. Aprè lokipasyon an, yo te fè bèk atè devan konsekans ogmantasyon popilasyon an, move mès elit yo, katastwòf natirèl yo, chanjman sosyal yo ak pwosesis bidonvilizasyon ak riralizasyon gwo vil yo.

Leta ak laboujwazi (nwa kou milat), ki parese tankou chat plenn, kowonpi jouk nan zo, ki renmen banbòch, kalewès, lajan fasil epi ki aloufa, fè dap piyanp sou tout sant desizyon peyi a. Konsa, premye mwayen pou fè lajan anndan ekonomi a vin chita sou rant (agrikòl, komèsyal, monetè, ekstraktif) ki sòti nan espekilasyon, sabotaj konpetisyon ak fabrikasyon monopòl. Pratik foute men pran, dechèpiye (neyopatrimonyal), tankou nepotis, koripsyon, pèsonalizasyon pouvwa kontinye vale teren. Yon ti gwoup moun pran kontwòl machin leta a, jouk li efondre yon lòt fwa ankò an 1991.

Pita, koripsyon tribò babò, kontrebann ak trafik zam ak dwòg nan pi wo nivo Leta a, lè diktati Divalye yo fini, akselere pwosesis dekonpozisyon aparèy represif ak administratif yo. Leta neyokolonyal ayisyen an vin tounen yon Leta ki chita sou trafik dwòg (nako-Eta). Depi lane 2018, sitiyaasyon laterè, anachi ak kawo a vin pi grav. Asasina prezidan Jovenel Moïse nan dat 7 jiyè 2021, masak k ap miltipliye toupatou ak depasman popilasyon yo nan depatman Lwès ak Latibonit montre a klè Leta neyokolonyal la ki sou lòd Tonton Sam efondre nèt atò. Jan kominote entènasyonal la ap jere kriz la ak desizyon malatchong yo pran pou mete sou pye Misyon Miltilateral pou Sipòte Sekirite a (MMSS) montre neglijan kriminèl ak kilpabilite peyi sa yo nan malè yon pèp yo pa pote sekou.

Aprè blòf devlopman an, jounen jodi a Ayiti sanble pran nan pyèj demokrasi ak Leta dedwa : se 2 pretèks pou bese drapo souverènte a ak dwa peyi a pou l pran chemen l kwè ki pi bon pou li. Sa k pi grav la, dwa enjerans Etazini ak kominote entènasyonal la pran an, pa kenbe pwomès sekirite, estabilite politik, pwosperite ekonomik ak pwogrè sosyal li fè yo. Se akselerasyon politik laterè a ak anplifikasyon pouvwa mafya a nan tèt aparèy Leta a li pwovoke pito.

Devan Leta ayisyen an ki plat atè, kriz ekonomik la k ap vale teren, sosyete a k ap dekonpoze epi elit yo ki pèdi wout yo, nou lanse yon apèl bay tout Ayisyen, anndan peyi a ak nan dyaspora a, pou mande yo ranmase karaktè yo epi twouse manch chemiz oswa

wòb yo pou afwonte, nan tèt kole, tout defi k ap brase bil peyi a jounen jodi a, gras a yon nouvo mouvman sosyal: Mouvman Ayisyen pou sove Nasyon an (MOHSANA).

3 Yon apèl jeneral

Mouvman Ayisyen pou sove Nasyon an (MOHSANA) se yon apèl jeneral pou yon kokenn chenn mobilizasyon kote nou depase diferans klas sosyal, koulè po ak sèks, menm jan ak divizyon pou zafè relijyon, ideyoloji ak politik, pou nou leve ansanm defi jodi yo.

MOHSANA lanse yon apèl bay sosyete a, tout fòs vivan ak entèg peyi a, pou sove nasyon an. Li kwè dyaspora a se yon gwo poto mitan pou kore fanm, gason ak lajenès peyi a nan batay pou kreye yon nouvo Leta-nasyon ann Ayiti.

MOHSANA se manifestasyon lafwa nou genyen nan kapasite nou pou n kontinye pwojè zansèt nou yo, pou n fè Ayiti tounen yon tè libète, opòtinite pou tout moun, solidarite ak sa ki fèb yo, jistis ak bonè pou chak Ayisyèn ak chak Ayisyen nan peyi a ak nan dyaspora a.

MOHSANA pap chèche pran pouvwa. Li vle enfliyanse òganizasyon sosyete sivil yo epi oryante politik piblik yo pou rive bati yon lòt Ayiti. 

MOHSANA pwopoze solisyon konkrè pou yon sovtaaj nasyonal ki baze sou pwosperite, dwa grandèt majè, solidarite, eta de dwa, bon gouvènans ak patisipasyon sitwayen.

4 Etap yo

MOHSANA decide aji sou 7 domèn kle pou transfòme sosyete a nan nannan li:

1. Retabli Sekirite ak Otorite Leta : bay leta a yon sistèm pou pini zak malfektè, k ap mache pou kont, ki rapid epi ki bay rezilta ; yon sistèm ki kapab garanti 2 monopòl li yo sou vyolans fizik ak fiskalite. Ranfòse mwayen defans nasyonal yo. Deklare lagè kont ensekirite epi mete kanpe nan vil ak andeyò kominote ki gen sekirite. Lanse divès operasyon, avèk ou san sipò kominote entènasyonal la, pou demantle tout gang ame san eksepsyon, pou pwoteje lavi ak pwopriyete, pou sispann trafik zam, minisyon ak dwòg, pou demilitarize katye yo, pou netwaye vil yo, pou relouvri wout transpò ak enfrastrikti sante yo, elatriye. Devlope yon nouvo doktrin sekirite ki fèl tounen « zafè tout moun », ki enplike divès aktè, tankou fòs sekirite entèn ak defans, sosyete sivil,

popilasyon an, elatriye. Devlope epi mete an plas yon estrateji nasyonal pou entegre vijilans sitwayen yo nan chenn siveyans, alèt ak repons pou tout kalte risk ak menas ensekirite. Konstwi kominote an sekirite nan aplike mezi prevansyon, pwoteksyon (polis kominotè, fanmi an sante ak sipò fanmi, katye enklizif, anviwònman lekòl ki sen, pwoteksyon sosyal, pwoteksyon dijital), ak redwi faktè risk pou delenkans (dezavantaj materyèl ak sosyal, bezwen lojman ijan, inegalite, move planifikasyon iben, prezans gang, ekspozisyon oswa aksè a dwòg ak zam, elatriye). Etabli yon sistèm èd, konpansasyon ak swen pou viktim vyolans ame yo.

2. Renouvle Gouvènans Politik la : etabli yon gouvènans tranzisyon ki chita sou konpetans ak valè etik ki pi djanm yo (integrite, lwayote a repiblik la, jistis, respè pou dwa ak diyite moun), avèk yon manda limite pou restore lòd piblik, netwaye espas politik la ak poze baz refondasyon Leta-nasyon an. Ranfòse tout estrikti pou rann kont epi kontwòl zafè leta. Kondwi odit finans piblik yo. Kreye yon tribinal espesyal anti-koripsyon pou kòmanse pwosedi ak pran sanksyon sevè kont moun ki te piye trezò piblik la ak fon èd devlopman yo, sa ki enkli konfiskasyon byen yo pa ka pwouve kote yo soti yo. Ankouraje yon nouvo lidèchip ayisyen fò ki chita sou konpetans, integrite, patriyotis, angajman pou bouske byen pou tout moun ann Ayiti ak defann enterè nasyonal la.
3. Ranfòse Enstitisyon Nasyonal yo : rekonstwi ak modènize administrasyon piblik la, lite kont koripsyon ak enpinite, epi fè leta a sispann depann de letranje. Depolitize, modènize ak pwofesjonalize Polis Nasyonal Dayiti a (PNH) pou li ka asire sekirite tout moun moun ak byen yo nan peyi a. Ranfòse kapasite òganizasyonèl ak operasyonèl fòs lame a (FADH) pou l tounen yon fòs defans nasyonal, anba kontwòl yon pouvwa sivil ki sòti nan eleksyon demokratik, pou pwoteje fwontyè ak resous peyi a kont tout kalite menas fizik, teknolojik, dijital, bakteryolojik... Mete an fonksyon Konsèy Nasyonal Sekirite ak Defans la (KNSD) pou redefini politik Leta a ak estrateji nasyonal la nan sa ki konsène rechèch, estokaj, tretman, analiz, jesyon ak difizyon enfòmasyon estratejik ak entelijans yo. Mete an fonksyon Ajans Nasyonal Entelijans la (ANI). Ranfòse kapasite tribinal yo; kreye nouvo pakè ak tribinal espesyalize pou zafè ki gen pou wè ak krim òganize, koripsyon ak blanchiman lajan. Garanti endepandans jij yo epi akselere pwosedi jidisyè yo pou lite kont enpinite ak detansyon prevantiv pwolonje yo. Refòme enstitisyon prizon an avèk èd yon nouvo kad legal, administratif ak finansye. Ranfòse òganizasyon nan sosyete sivil la, sipòte òganizasyon kominotè k ap travay tankou yon filè sekirite sosyal konplemantè, epi ranfòse kominote lokal yo pou ankouraje devlopman lokal ak kominotè.

4. Ranfòse Leta de dwa nan peyi a : finalize revizyon Konstitisyon an pou ranfòse separasyon pouvwa yo, garanti endepandans jistis la ak etabli mekanis pou kontwòle manda politik yo. Finalize modènizasyon Kòd Penal ak Kòd Pwosedi Pena la ; adopte yon dekrè lwa sou administrasyon penitansyè a pou revize òganizasyon sektè a, finansman li, kad legal ak regilasyon li, administrasyon li, objektif li. Adopte yon dekrè lwa sou endepandans pouvwa jidisyè a pou garanti otonomi jij yo ak komisè gouvènman yo nan pwoteje nominasyon yo, karyè yo ak desizyon yo kont nenpòt enfluyans politik. Adopte yon Lwa Anti-Koripsyon Global ki defini yon kad legal konplè pou anpeche, envestige ak sanksyone zak koripsyon nan sektè piblik ak prive a. Ranfòse enstitisyon anti-koripsyon endepandan yo, kapasite ak pouvwa yo pou fè ankèt, pouswiv epi sanksyone tout moun ki nan koripsyon. Mete sou pye yon tribinal espesyal anti-koripsyon, anti-gang, yon tribinal ki konpetan pou tout krim ekonomik ak finansye. Kreye yon Inite Espesyal Anti-Enpinite ki konpoze de jij espesyalize, komisè gouvènman ak anketè, ke kèk ekspè entènasyonal, de preferans ki gen orijin ayisyen, ka sipòte. Mete sou pye yon pwogram fòmasyon ki baze sou pi bon pratik entènasyonal yo nan lit kont enpinite. Itilize teknoloji pou evite koripsyon, amelyore swivi dosye yo ak redui tan tretman yo. Lite kont detansyon abitè ak abizif epi sanksyone ajan Leta ki reskonsab zak sa yo. Lite kont trafik dwòg, zam ak bal, itilize yon apwòch entegre ki konbine efò represyon, prevansyon ak koperasyon entènasyonal. Ranfòse lwa sou achte, genyen ak pote zam pou mete lòd nan sektè a ak limite detounman nan mache anba tab la. Itilize medya tradisyonèl ak kominotè yo ansanm ak rezo sosyo yo pou enfòme sitwayen yo sou dwa yo ak mekanis plent ak denonsiasyon yo.
5. Kanpe dèye dwa grandèt majè nou ak rebati inite nasyonal la : mete fen nan enjerans etranje yo, redefini relasyon nou ak patnè etranje yo sou baz respè youn pou lòt ak dwa entènasyonal ki kondane enjerans. Mete sou pye yon diplomasi pwoaktif gras a yon plan daksyon ki relokalize epi ranfòse anbasad ak konsila Ayiti yo lòt bò dlo, pou yo defann pi byen enterè peyi a ak amelyore imaj li. Fèmen pifò konsila onorè nan peyi a ki ka reprezante yon risk pou sekirite nasyonal la. Enpoze yon obligasyon aliyman, transparans ak rezilta tanjib sou operatè ed entènasyonal la, kit li imanitè, teknik oswa finansye. Mete an plas kèk mekanis pou kontwòle aksyon ONG yo ak konfòmite yo a dokiman kad koperasyon entènasyonal ann Ayiti an. Envesti nan souverènte alimantè peyi a nan ankouraje chenn valè agro-endistri lokal. Devlope yon estrateji nasyonal souverènte dijital pou kontwòle pwodiksyon, kalite ak sekirite done nasyonal yo (demografik, ekonomik, polisyè, jidisyè, anviwònmanal...). Etabli yon sistèm pwoteksyon sibèsekirite nasyonal. Òganize yon gwo konferans nasyonal pou defini ansanm yon nouvo kontra sosyal. Ankouraje jistis tranzisyonèl epi mete an plas yon komisyon verite ak rekonsilyasyon pou repare enjistis pase ak kounye aktyèl yo.

Ranfòse angajman dyaspora ayisyen an nan pwojè sovtaaj nasyonal sa a. Valorize epi pwoteje idantite ayisyen an. Valorize kilti ak zèv ayisyen yo. Valorize patrimwàn materyèl ak imateryèl Ayiti yo. Entegre istwa Dayiti, kilti ak valè peyi a nan pwogram lekòl yo pou ranfòse idantite nasyonal la. Mete an plas kèk mezi pou anpeche oswa pini tout vyolans seksyèl, asèlman ak diskriminasyon kont fanm ak tifi yo. Kondui yon kanpay kont prejije sou fanm ak sou tifi. Ankouraje egalite nan travay epi aplike mezi ki fasilite konsilyasyon travay-fanmi, ki vize sitou fanmi kote se manman an sèlman k ap pran swen epi fè levasyon timoun yo. Respekte kota minimòm 30% fanm nan pozisyon desizyon ak lidèchip yo. Pwoteje popilasyon deplase entèn yo ak moun ki depòte sòti aletranje yo kont tout move tretman fizik, sikolojik, kont tout diskriminasyon. Epi respekte dwa yo pou yo viv nan diyite. Mete sou pye yon pwogram ki bay sèvis akèy ak sipò pou moun deplase entèn yo ak depòte ki sòti aletranje yo. Pami sèvis sa yo, bay efò ki vize reyinifikasyon fanmi, distribisyon sekou ak dlo, pwogram ijyèn ak swen sante, priyorite. Founi dokiman idantite pou moun deplase entèn ki te pèdi yo. Respekte dwa pwopriyete yo.

6. Mobilize epi fòm jèn Ayisyen yo : Mobilize jèn Ayisyen yo gras a kèk pwogram fòmasyon, kreyasyon ak antreprenarya nan sektè sansib lavi nasyonal la: resansman ak idantifikasyon popilasyon an, resansman kadastral, inovasyon teknolojik, sibèsekrite ak entelijans atifisyèl, ankourajman pou kilti ayisyen, agro-endistri, elatriye. Envesti nan edikasyon kalite pou tout moun. Devlope lekòl metye pou satisfè bezwen mache travay la ak valorize fòmasyon pwofesyonèl yo. Refòm pwogram lekòl yo nan entegre sijè pratik tankou agrikilti, enfòmasyon, kuizin, elatriye. Valorize kreyòl ak bilengwis efikas. Mete sou pye yon sistèm edikatif djanm epi ki koresponn a bezwen peyi a. Envesti nan ranfòse ak aplike konpetans jèn Ayisyen yo nan teknoloji, espesyalman nan sektè enfòmasyon, dijital, robotik ak entelijans atifisyèl.
7. Bay pwodiksyon nasyonal la jarèt epi pataje richès yo : koupe fache ak pratik ekonomi rant la, bay pwodiksyon lokal la jarèt, ankouraje investisman lokal nan dyaspora a, sipòte antreprenarya, divèsifye ekonomi an epi netwaye finans piblik yo. Devlope pwogram sipèvizyon ak sipò pou òganizasyon peyizan yo, "madan-sara" yo, komèsan nan sektè enfòmasyon la. Envesti nan agrikilti, manifakti ak atizana pou resisite pwodiksyon nasyonal la ak redui depandans nou de lòt bò dlo (enpòtasyon). Modènize ekipman agrikòl yo, rebwaze ak lite kont ewozyon pou agrikilti dirab. Devlope chenn valè nan chak sektè pwodiktif. Mete an plas yon fon sòvren pou finans pwojè nasyonal estratejik ak sipòte pwodiksyon nasyonal nan sektè kle tankou sektè agrikòl, agwo-alimantè ak agwo-endistriyèl, endistri touris, endistri min, telekominikasyon, konstriksyon, elatriye. Repanse politik zòn franch yo ak revize zonaj zòn franch endistriyèl yo, komèsyal, teknolojik ak sèvis yo. Aplike prensip diminisyon taks pou

Ayisyen k ap viv aletranje ki deside investi ann Ayiti. Fasilite kredi pou piti ak mwayen antrepriz yo. Soulaje fado taks pou nouvo antrepriz yo (startups). Akonpaye jèn Ayisyen yo nan inisyativ antreprenarya yo. Ranfòse enfrastrikti nasyonal yo nan rekonstriksyon wout yo, fasilite aksè a elektrisite ki chita sou enèji renouvlab (solè, idwoelektrik). Fè yon gwo refòm taks ki chita sou netwayaj finans piblik yo, elaji baz taks la, lite kont evazyon fiskal, epi transparans nan itilizasyon resous piblik yo. Kontwole ak diminye enflasyon an. Bay goud la jarèt epi redui depandans peyi a vizavi dola ameriken pou tranzaksyon lokal yo. Adopte epi fè respekte bon jan lwa pou mete lòd nan eksplwatasyon min, forè ak dlo. Asire n ke benefis yo sèvi prensipalman popilasyon ayisyen an. Investi nan pwojè enèji solè, van ak idwoelektrik pou redwi depandans peyi a de chabon. Kondui yon kanpay nasyonal pou rebwazman an mas ak jesyon dechè pou prezève ekosistèm yo, avèk patisipasyon kominote lokal yo. Mete sou pye yon sistèm efikas pou ramase epi resikle tout kalte fatra. Sansibilize popilasyon an sou kesyon anviwònman yo. Kreye yon Fon Souvren pou Reparasyon ak Rekonstriksyon ki soti nan rekipirasyon "ranson" lendepandans lan, restitasyon lajan yo te vòlè nan kès Bank Nasyonal Ayiti 17 desanm 1914, lajan ki sezi nan men koupab krim òganize transnasyonal yo, byen yo jele pou moun ki gen men yo byen fon nan dezas ayisyen an, elatriye, pou pran swen viktim vyolans ame yo, òganize akèy ak sipò moun deplase entèn yo ak moun depòte ki sòti aletranje yo, konstui enfrastrikti lokal pou prevansyon krim, elatriye.



5 Konklizyon

Sovtaj Ayiti a p ap sòti aletranje ni nan yon mirak, men nan yon angajman kolektif sitwayen ak yon volonte politik fèm lelit ayisyen yo.

Manifès sa a se yon apèl pou n aji pou rekonstwi yon Leta-nasyon pou yon Ayiti lib, pwospè, endepandan, ki fyè de eritaj li. Se donk reskonsablite tout Ayisyen anndan peyi a ak nan diaspora a, fanm, jèn, entelektyèl, peyizan, travayè, chofè taksì, klas mwayèn, lidè kominotè, patriyòt, pou yo pran li epi kontribye, nan mezi yo kabap, nan reyalizasyon li. Jodi a, lè a rive pou pitit Ayiti yo ini fòs yo pou konstwi yon peyi estab, pwospè, jis, ki diy de aspirasyon zansèt li yo. Lè a rive pou n konsyantize pèp la epi mobilize l dèyè yon nouvo pwojè sosyete ki kanpe dwat dèye prensip libète, egalite ak solidarite. Lè a rive pou n ekri yon nouvo paj nan istwa Dayiti, yon paj ki selebre ak mond lan pozisyon yon pèp ki di l pap bat ba devan laterè, enpinite, enjistis, eksplwatasyon ak eksè yon sistèm k ap domine mond lan, ki itilize gang yo tankou lamayòt pou timoun fwonte.

Se ou pèp ayisyen an ap tann sèlman pou l rekonekte ak jeni ki te ala baz revolisyon li a, pou ekri yon lòt chapit nan istwa sa a, ak lèt diyite, pwosperite, ekite, solidarite ak espwa. Kisa w ap tann?

